# XALÍQ PEDAGOGIKASÍ - TÁRBIYALÍQ ISLERDIŃ TIYKARǴÍ DEREGI SÍPATÍNDA

***Aytımbetov M.Z.***
*ÓzMDTSU Nókis filialı direktorı orınbasarı*

**Tayanch so'zlar:** xalq pedagogikasi, milliy tarbiya, xalq pedagogikasi imkoniyatlari, zamonaviy ta'lim va tarbiya, shaxsni har tomonlama kamol toptirish.

**Ключевые слова:** народная педагогика, национальные воспитание, возможности народной педагогики, современное образование и воспитание, всестороннее развитие личности.

**Key words:** folk pedagogy, national educational, the possibilities of folk pedagogy, modern education and upbringing, comprehensive development of the individual.

Xalıq pedagogikası tárbiyalıq processtiń tiykarı sıpatında, anıq universal teoriyalıq juwmaqlarǵa iye bolıp, bul onıń artıqmashlıqqa iye qubılıs ekenligin dáliylleydi hám pedagogikalıq teoriya, tájiriybeler menen birge ámelge asadı [1]. Xalıq pedagogikasında tiykarǵı maqsetlerden biri - xalıqtıń tájiriybelerin ilimiy úyreniw, xalıqtıń mádeniyatın aksiologiyalıq principler tiykarında ámeliyatqa engiziw, milliy etnik múnásibetlerdi rawajlandırıw, tábiyiy qáliplesken tárbiyalıq tájiriybelerdiń ózine tánligin asıraw bolıp tabıladı. Xalıq pedagogikasında xalıqtıń tájiriybelerin úyreniwde ruwxıy sociallıq mashqalalar, milliy-milletleraralıq tatıwlıq múnásibetleri, tábiyiy rawajlanıw, jaslar arasında salamat ortalıqtı qáliplestiriw, tárbiya texnologiyaları, sonıń menen birge, xalıqtıń aldınǵı tájiriybeleri boyınsha ilimiy metodikalıq islerdi rawajlandırıw pedagogika iliminde itibar qaratılıwı lazım bolǵan mashqalardan bolıp esaplanadı.

Bizge turmıslıq tájiriybeler haqqındaǵı dereklerden málim insaniyat payda bolǵan erte dáwirlerinen, yaǵnıy adam sanası endi-endi biliner-bilinbes qáliplesip atırǵan dáwirde tárbiya máselesi stixiyalı túrde orınlanıp burınǵıdan qalǵan kónlikpe dástúrler formasında rawajlanǵan. Sebebi, adam perzenti óziniń jaratılıs tábiyatına baylanıslı anadan tuwılıwdan basqalardıń kútimine, tárbiyalanıwına mútáj. Sonlıqtan, tárbiyalıq isler adamzat jámiyeti payda

bolgannan baslap xalıqtıń turmıslıq qubılısları menen birge qáliplesti hám rawajlandı.

Jámiyettiń eń dáslepki dáwirlerinde qáwimlerdiń kúndelikli turmısı hám miynetine jas áwladlardıń beyimlesiw nátiyjesinde tárbiya processi ámelge asqan. Tárbiyalıq isler barlıq waqıtta insanlardıń zárúrligine baylanıslı óz baǵdarların belgilep alǵan. Sebebi, jámiyettegi tárbiyalıq isler adamlarınıń óz turmısı hám ómiri ushın gúresiniń hár bir qádemi menen tıǵız baylanıslı. Sonlıqtan, kúndelikli turmıs zárúrliklerinen júzege shıqqan tárbiyalıq is-ilajlar birinshi gezekte jası úlken áwladtıń óz tájiriybeleri mazmunında sol waqtıǵı dún'yanı biliw hám ómir keshiriw, tirishilikke umtılıw háreketleri turǵan, sırtqı zárúrlikke baylanıslı jańa áwladlar ózleriniń aldında jasap ómir súrgen jası úlkenlerdiń isin dawam etiwshisi bolıp jetilisiwi ushın olardıń óndiris quralların paydalanıwdı úyrengen hám miynet tájiriybesin ózlestirgen. Usınday ózlestiriw processlerinde jası úlken áwladtıń danalıq aqıl-násiyatları, úrip-ádetleri, ádep-ikramlılıǵı, tálim-tárbiyanı jetilistiriw kóz-qarası ámelge astı. Bul qubılıslar xalıq pedagogikası arqalı mádeniy miyraslardıń áwladtan-áwladqa jetkeriliwin támiyinledi[2].

Yaǵnıy, kishi áwladqa jası úlkenlerdiń násiyatı sıpatında hárqıylı turmıslıq tájiriybeler arqalı tásir etilgen xalıq pedagogikası insandı xalıq perzenti etip tárbiyalawdı ayrıqshı maqset etedi. Sebebi, bul tárbiyanıń qolaylı qurallarınıń biri awız eki ádebiyat-folklor hám úrip-ádetler óz xalqın, shaxstıń milliy ózin-ózi túsiniwin támiyinlewshi tiykarǵı derek bolıp esaplanadı. Xalıq pedagogikası dástúrleri óz elin, ózin túsiniwdi sapalı ámelge asıradı. Folklor hám dástúrler xalıqtıń ishki ruwxıy dún'yasın kórsetiwshi qubılıs bolıp, jaslar óz milliyligin ańlap aladı hám óz xalqınıń turmısın úyrenedi.

Úrp, ádet hám dástúrlerde, ásirese, folklorda xalıqtıń jámiyetlik turmısı ushın úlken áhmiyetke iye bolǵan matematikalıq, astronomiyalıq, biologiyalıq filosofiyalıq, etikalıq, estetikalıq, psixologiyalıq, pedagogikalıq hám basqada ilimler tarawına tiyisli bilimler jıynaǵı jámlengen. Xalıqtıń kóp ásirlik intellektual tájriybeleri tiykarında qáliplesken bul bilimler jaslarǵa tálim-tárbiya beriw maqsetinde bir pikirge kelgen juwmaqlar, dálillengen túsinikler sıpatında wásiyat qılınǵan.

Xalıq pedagogikasınıń ózine tán ózgesheliginiń biri sonda, ol úrip-ádet, dástúrlerdi sonday-aq folklorlıq dóretpelerdi keń kólemde ózine jámlep, tárbiyalıq mazmunǵa iye qural sıpatında paydalanıw uqıbına iye. Sol sebepli xalıq tárbiyalıq úrip-ádet, dástúrler menen folklordı jaslarǵa tárbiyalıq tásir jasaw quralı sıpatında keń qollanıp kelgan. Nátiyjede, xalıq pedagogikasında tálim-tárbiyaǵa tán materiallıq hám ruwxıy baylıqlar insanlar tárepinen turmıs

tájiriybelerine tiykarlanıp ózlestirilip, sezimlik-empirikalıq pikir júrgiziw járdeminde bayanlanıw orın alǵan [4].

Tárbiyalıq úrp-ádet, dástúrler hám folklor xalıqtıń real turmısın bayanlap beriwi sebepli házirgi dáwirdegi jámiyetlik hám tábiyiy hádiyselerdi teoriyalıq tárepten dálillep kórsetiwshi bir qansha ilim tarawları menen tariyxıy qáliplesiw derekleri sıpatında málim dárejede baylanıslılıqqa iye.

Xalıqtıń jámiyetlik turmısınıń awızeki ádebiyatta bayanlanıwı, teoriyalıq túrde dáliylleniw bolmasa da, onı dóretiwshi xalıq jámiyetlik bolmıstı real kórsetip beriwden mápdar bolǵan. Folklor, úrp-ádet hám dástúrler mazmunında ámeliy turmıs tirishiligi ushın zárúr bolǵan pikirler, kórsetpeler toplanǵan. Usı kóz-qarastan xalıqtıń úrp-ádet, dástúrleri, folklorınıń tálim-tárbiya sistemasında tutqan ornı oǵada úlken.

Xalıq tábiyattı, jámiyetlik turmıstı janlı baqlawları barısında jaratqan materiallıq hám ruwxıy miyraslar ásirler dawamında adamlardıń aqıl-oylawın pikirlerin azıqlandırıp keldi. Sebebi, insanlar tábiyatqa baqlaw júrgiziw arqalı zat ham qubılıslardaǵı kóz aldında bolıp atırǵan processti tikkeley qabıl etiwi nátiyjesinde qálesin-qálemesin belgili dárejede dúnyanı biliwge erisip otıradı. Solay eken, xalıqtıń úrp-ádet, dástúrleri, awızeki ádebiyatı házirgi dáwirdegi aqılıy hám ilimiy pikirlewdiń quramlı bólegi, qáliplesiw deregi sıpatında úyreniliwi lazım. Sebebi, aqılıy tárepten jetilisip barıw adamzattıń burınǵı iyelegen túsinik bilimleri negizinde ámelge asadı.

Xalıqtıń tárbiyalıq dástúrlerinde shaxstı hár tárepleme rawajlandırıwǵa bir pútin process sıpatında qaralıwı ózgeshe pedagogikalıq qubılıs esaplanadı. Bul qubılıs onıń tábiyatqa say úylesimlilikti hám dástúriy adamgershilik qarım-qatnasıq arqalı tárbiya beriw ózgesheliginen, sonday-aq xalıqtıń tábiyatqa, bir-birine, ásirese balalarǵa qatnasındaǵı kútá jaqınlılıqtıń kúshliliginen de kórinedi. Xalıq pedagogikası ideyasınıń haqıyqıylıǵı hám isenimliligi menen onıń artıqmash imkaniyatqa iye ekenligin dáliyllep, jaslardı bárqulla dóretiwshilik háreketke iytermeyleydi. Bunıń ústine hár bir xalıqtıń pedagogika tarawında ózine tán etnikalıq ózgesheligi, basqa xalıqlar ushın jańalıǵı boladı. Bular sol xalıqtıń adamgershilik hám milliylik qunın arttıradı. Usınday qúdiretke iye xalıq pedagogikası perzent tuwılǵanda atqaratuǵın bay dástúrlerde dóretken, ásirese olardı jas ózgesheligine qaray tárbiyalawǵa ayrıqsha dıqqat bólgen. Balalar oyınların keń qollanǵan túrli tarawlar arqalı aqıl, estetikalıq, dene tárbiyasın beriwdi ámelge asırıp otırǵan. Jaslardı miynetkeshlikke, ádalatlılıqqa, tek atanıń balası bolıwǵa emes, watandı súyiwshililkke, milletler aralıq tilekleslikke qaray qáliplestirgen. Xalıq dástúrinde milletke baylanıslı xalıqtıń baslaması menen qarama-qarsılıq, kelispewshilik hesh waqıtta orın

alǵan emes. Usı sebepli mekteplerdiń etnopedagogikalıq bazasın payda etetuǵın xalıq pedagogikasın tereń úyrenip, onı turmısta keń qollanıwdı qanshelli sapalı alıp barsaq, bunıń járdeminde biz sonshelli dárejede jaslardı ádalatlılıqqa, adamgershilikke, azatlıqtı súyiwge, óz ǵárezsizligin bekkemlewge, ǵárezsiz elimizdiń ǵániymetligin tereń túsinip barıwǵa tárbiyalaymız.

Demek, xalıq pedagogikası tábiyiy túrde xalıqtıń turmıslıq qubılısları bolıp, iygilikli islerge baǵdarlanǵan úrip-ádet, salt dástúrler, qádiriyatlar hám jámiyetlik normaları sıpatında insan ómirinniń ajıralmas bir bólegi bolıp esaplanadı. Yaǵnıy, bul bilim hám kónlikpelerdiń hár qıylı qarım-qatnas formaları, mısalı: ańızlar, gúrrinler, ádebiy shıǵarmalar, xalıq awızeki dóretpeleri, milliy xalıq oyınları, xalıq seyilleri arqalı áwladtan-áwladqa ótip keliwine tiykarlanadı hám shaxstı durıs qarım-qatnas qılıwǵa, qábiletlerin rawajlandırıwǵa, hár tárepleme qáliplesiwine imkaniyat jaratadı.

**Ádebiyatlar:**

1. Алеуов У.Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. – Н .: Билим, 1993. – 470 б.

2. Абдимуратов П.С. Каракалпакские народные традиции в нравственном воспитании старшеклассников: Автореф. дисс… канд. пед. наук. – Ташкент: 1998. – 22 с.

3. Бекимбетова А.А. Халқнинг ёшларга ақлий тарбия бериш анъаналари ҳозирги узлуксиз таълим тизимида. – Тошкент: Истиқлол, 2009. – 40 б.

4. Волков Г.Н., Баубекова Г.Д. Этнопедагогика. – Т., 2000.

5. Маъмуров Б., Умумий педагогика. – Бухоро.: “Дурдона” нашриёти. 2020. – 372 б.

6. Муталипова М.Ж. Халқ педагогикаси – Т.: Алишер Навоий номидаги Ўзбекистон миллий кутубхонаси нашриёти, 2011.

7. Ҳошимов К., С.Очил. Ўзбек педагогикаси антологияси. – Т.:Ўқитувчи, 1995.

8. Эгамбердиева Н., Ижтимоий педагогика. – Т.: Алишер Навоий номидаги Ўзбекистон Миллий кутубхонаси нашриёти. 2009. - 232 б.

**РЕЗЮМЕ**

Maqolada xalq pedagogikasi bo‘yicha ilmiy tadqiqotlar olib borishning dolzarb muammolariga alohida e’tibor qaratilgan, zamonaviy sharoitda xalq pedagogikasidan samarali foydalanish mexanizmlarini amaliyotga tatbiq etish bo‘yicha ma’lumotlar tizimlashtirilgan, ilmiy xulosalar chiqarilgan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье особое внимание уделяется актуальным проблемам проведения научных исследований по народной педагогики систематизирована информация о практической реализации механизмов эффективного использования народной педагогики в современных условиях, сделаны научные выводы.

**SUMMARY**

In the article, special attention is paid to the importance of folk pedagogy in the effective organization of educational activities, and scientific conclusions are made about the effective use of the possibilities of folk pedagogy in modern conditions.